

NEW BEDFORD COMMUNITY HEALTH

874 PURCHASE STREET, NEW BEDFORD MA 02740 TELEFÒN (508)992-6553 / FAKS (508)997-2498

848 PURCHASE STREET, NEW BEDFORD MA 02740 TELEFÒN (508)984-7031 / FAKS (508)984-7034-DENTAL

OTORIZASYON POU DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL PWOTEJE KI KONFIDANSYÈL

Non Pasyan an:

Dat Nesans:

Etikèt Pasyan an

ADRÈS: _____

NIMEWO TELEFÒN: _____

KONSANTMAN PASYAN AN POU ECHANJ ENFÒMASYON SOU SANTE

Lè mwen aksepte BAY KONSANTMAN mwen anba a, mwen otorize kominikasyon aloral, alekri, oswa pa mwayen echanj enfòmasyon elektwonik pou pati ki deziyen anba a. Kominikasyon sa yo ka gen ladan fè yon demann, resevwa, bay ak itilize enfòmasyon medikal mwen yo. Mwen konprann objektif kominikasyon ki konsène m lan se pou pèmèt pati yo evalye bezwen mwen yo, ofri m sèvis, ak kowòdone swen mwen. Mwen konprann yo ka mande m pou m siyen fòm konsantman anplis pou m kapab kalifye pou kouvèti asirans ak peman oswa kèk kalite tretman ak sèvis. Mwen konprann enfòmasyon medikal mwen yo ap gen ladan tout enfòmasyon enpòtan ki sòti nan dosye medikal mwen an jan yo dekri li la:

- Non mwen ak lòt enfòmasyon pèsònèl pou idantifye mwen.
 - Idantite m kòm yon moun k ap aplike oswa k ap resevwa sèvis swen sante, ki ka gen ladan sèvis ki gen rapò ak twoub ki gen rapò ak konsomasyon dwòg oswa alkòl ak/oswa sèvis sante mantal.
 - Kontni dosye medikal mwen an, ki ka gen ladan:
 - Pwoblèm/dyagnostik
 - Vizit/egzeyat/evalyasyon egzamen ak rezime
 - Tès ak rezilta laboratwa/radyografi
 - Medikaman/vaksinasyon
 - Pwosedi
 - Istwa fanmi/sosyal
 - Lòt enfòmasyon sou sante mwen

- Dosye medikal mwen an ka gen ladan enfòmasyon sou maladi ak tretman sa yo:
 - Sante mantal
 - Twoub ki gen rapò ak konsomasyon dwòg oswa alkòl
 - Maladi Moun Pran nan Fè Bagay
 - Gwosès/avòtman
 - Vyolans domestik
 - Vyòl oswa agresyon seksyèl
 - Maladi jenetik, tès, ak rezilta tès yo
 - Mamografi
 - Lòt enfòmasyon sou sante mwen
 - VIH/SIDA/Tès, Rezilta, Konsèy oswa Tretman

I hereby authorize New Bedford Community Health to exchange information with:

I hereby authorize New Bedford Community Health to release and receive information from:

MOUN K AP RESEVWA YO: _____

MOUN KI VOYE YO: _____

VERIFYE ENFÒMASYON YO MANDE YO:

Dat tretman: Moun ki voye yo _____ Moun ki resevwa yo: _____

Nòt Pwogresyon yo	Ranpli Dosye Medikal yo	Tès laboratwa	Vaksinasyon	Radyoloji	Lòt tès (endike anba a)
--------------------------	--------------------------------	----------------------	--------------------	------------------	--------------------------------

Pou: Kominikasyon Aloral Legal Pèsònèl Transfè Swen

Mwen konprann mwen gen dwa pou m retire kèk kalite enfòmasyon medikal nan echanj lan. Mwen retire enfòmasyon sa yo: _____

Mwen konprann gen kèk lwa federal, tankou Lwa 1996 sou Transferabilite ak Responsabilite Enfòmasyon Medikal (Health Information Portability and Accountability, HIPAA) 45 C.F.R. pati 160 ak 164 ki pèmèt pwofesyonèl swen sante yo ak lòt òganizasyon swen sante yo pou yo fè echanj yon gwo pati nan enfòmasyon medikal mwen yo san konsantman mwen pou yo kapab ban mwentretman, resevwa peman pou swen mwen, jere ak kowòdone swen mwen. Mwen konprann lalwa pèmèt oswa egzije pwofesyonèl swen sante mwen yo pou yo bay lòt pwofesyonèl swen sante yo, ajans sante piblik yo, ak otorite lapolis yo kèk nan enfòmasyon medikal mwen yo san konsantman mwen pou ijans medikal, rapò kalite, odit, krim kont moun ak byen, ak kèk òdonans legal, men se pa sèlman sa yo. Mwen konprann New Bedford Community Health Center (NBCH) pa responsab si pwofesyonèl swen sante ki resevwa enfòmasyon medikal mwen yo redivilge yo avèk otorizasyon oswa san otorizasyon. Mwen konprann dosyetwoub ki gen rapò ak konsomasyon dwòg oswa alkòl mwen genyen yo anba pwoteksyon lwa federal, ki gen ladan règleman federal k ap kontwole konfidansyalite dosye pasyan ki gen twoub ki gen rapò ak konsomasyon dwòg oswa alkòl, 42 C.F.R. (SAMSHA); yo pa kapab divilge yo san yon konsantman alekri sof si règleman yo prevwa sa yon lòt manyè.

Siyati Pasyan/ Responsab Legal oswa Reprizantan Otorize:

Dat: _____

EKRI NON PASYAN AN AK LÈT DETACHE:

DAT NESANS:

Mwen konprann pwofesyonèl swen sante sa yo, ki gen ladan pèsònèl, anplwaye ak lòt antite ki sou kontra, ka bay oswa resevwa enfòmasyon medikal yo pou yo evalye bezwen mwen yo, ban mwen sèvis, ak kowòdone swen mwen. Mwen konprann se sèlman pwofesyonèl swen sante ki bezwen kowòdone yon aspè espesyal nan swen mwen k ap kapab bay oswa resevwa enfòmasyon sou aspè sa a nan swen mwen.

_____Deziyasyon Jeneral: Mwen konprann nenpòt nan pwofesyonèl swen sante mwen yo ka bay oswa resevwa enfòmasyon medikal mwen yo pou fè tretman. Mwen konprann mwen gen dwa pou m jwenn, lè mwen mande, yon lis antite yo te divilge enfòmasyon medikal mwen yo bay (Lis Divilgasyon), jan sa di nan deziyasyon jeneral la.

CHWA KONSANTMAN MWEN

Mwen konprann mwen gen dwa pou m resevwa yon kopi fòm konsantman sa a.

_____ **MWEN BAY KONSANTMAN MWEN.** Lè mwen siyen anba a, mwen rekonèt mwen bay konsantman m jan yo endike l anwo a ak tout libète m, volonte mwen epi san yo pa fòse m. Mwen konprann mwen gen dwa anile konsantman sa a nenpòt ki lè; sepandan mwen p ap kapab repan okenn enfòmasyon mwen te deja echanje. Si mwen pa anile konsantman sa a, l ap ekspire yon lane apre konsantman sa a fin "Antre an vigè."

_____ **MWEN REFIZE BAY KONSANTMAN AN.** Lè mwen siyen anba a, mwen rekonèt mwen refize bay konsantman m pou pwofesyonèl swen sante mwen yo pataje enfòmasyon medikal mwen youn ak lòt. Mwen rekonèt lè m refize bay konsantman m, pwofesyonèl swen sante mwen yo ka limite nan kapasite yo pou yo bay ak kowòdone swen mwen.

Siyati Pasyan an

Dat l ap Antre an Vigè

Siyati Responsab Legal oswa Reprizantan Otorize Pasyan an

Dat l ap Antre an Vigè

Non Responsab Legal oswa Reprizantan Otorize a ak Lèt Detache

Deskripsyon Otorite a

(Si se yon Responsab Legal oswa yon Reprizantan Otorize ki siyen l)

Siyati Tradiktè a (Si li aplikab)

Non Tradiktè a ak lèt detache